



# Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Office of the Superintendent



30 Jiyè 2021

Bonjou Kominote Lekòl Piblik Distri Vil Orange nou an,

Mwen ekri pou adrese dènye enfòmasyon mwen resevwa konsènan aktyèl pandemi COVID-19 la ak enpak li sou kominote lekòl nou an. Premyerman, nou te enfòme ke yon manm nan kominote Lekòl Distri Orange nou an te teste pozitif pou COVID-19 la. Tanpri sonje, nenpòt moun ki jije ke'l te nan kontak sere avèk anplwaye a ap resevwa komunikasyon dirèk swa nan Depatman Sante Orange lan oswa nan Distri a.

Etandone nati pandemi sa a, nou kontinye fè konfyans ke Depatman Sante Orange lan ap gide kominote a nan nenpòt pwoesis ki nesesè nan moman sa a. Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan ap kontinye travay sere sere avèk ofisyèl sante piblik yo, ede nan nenpòt fason posib, epi kenbe kominote lekòl nou an byen enfòme.

Tanpri konprann ke akòz lwa Eta a ak federal la sou vi prive yon moun, nou pa kapab pataje okenn enfòmasyon espesifik avèk ou. Depatman sante lokal la pral okipe'l pou nenpòt notifikasyon. An akò avèk lwa Eta a, nou espere ke depatman sante a ap fè yon ankèt sou maladi ke yo idantifye a nan ki kote moun nan ap viv ak kontak sere ki ka gen risk adisyonèl ak kote resan nan vwayaj li. Lè yo idantifye kontak sere, yo pral enfòme yo pou karantèn pèsònèl pou yon peryòd ki rive jiska 14 jou. Si moun yo devlope sentòm (lafyèv, tous, oswa difikilte pou respire) pandan 14 jou yo oswa resevwa yon rapò laboratwa konfime pou COVID-19 lan, yo dwe kontakte depatman sante lokal yo.

Akòz nati enfòmasyon k'ap evolye, nou ankouraje rezidan yo pou kontakte 24/7 NJ COVID-19 la Rele Sant lan nan 1-800-222-1222 oswa 1-800-962-1253 si ou rele nan yon telefòn selilè ki pa NJ pou enfòmasyon ki pi ajou yo. Rezidan New Jersey yo ka rele tou NJ 211 pou kesyon oswa enkyetid sou COVID-19 la lè yo rele 2-1-1. NJ 211 se enfòmasyon konplè nan tout Eta New Jersey a ak sèvis referans ki opere pa United Way nan New Jersey. Rezidan yo ka voye tèks NJCOVID tou nan 898-211 pou resevwa enfòmasyon tèks epi rete enfòme. Pou resevwa èd tèks andirèk, rezidan yo ka tèks kòd postal yo nan 898-211.

Nou nan sa nou ye a ansanm kòm yon kominote lekòl. Rezistans kontinyèl ou pandan pandemi sa a te remakab ak sètènman apresye. Nan Orange, nou se yon sèl ekip epi nou sètènman kanpe djanm. Anfen, tanpri rete an sekirite epi konnen ke nou la pou ou.

Edikasyonèlman,

*Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.*

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Sipèntandan Lekòl yo